



Pou Piblikasyon Imedya: 13/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE FAKILTE AK INIVÈSITE PIBLIK YO NAN NEW YORK  
POU YO OFRI RESOUS SEKIRITE SIPLEMANTÈ POU ETIDYAN K AP PATISIPE  
NAN SÈVIS SHABBAT YO**

*Kanpis yo pral ofri plis prezans lapolis, resous pou rasanbleman gwoup etidyan  
Jwif yo pou lapriyè pandan shabbat a*

*Gouvènè a te mande lapolis nan tout eta a pou yo ogmante prezans an repons  
pou rapò piblik yon "Jou Jihad"; Pa gen okenn menas kredib yo te detekte nan  
moman sa a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke fakilte ak inivèsite piblik nan New York pral ofri plis prezans lapolis ak resous adisyonèl pou etidyan k ap patisipe nan sèvis Shabbat (Saba) sou kanpis la. Sa baze sou angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou asire tout Nouyòkè yo an sekirite apre atak terib Hamas te fè sou pèp Izrayèl la semèn pase a.

"Pi gwo priyorite mwen se sekirite piblik, epi mwen angaje m pou asire chak etidyan nan New York santi yo an sekirite sou kanpis", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Menmsi pa gen okenn menas kredib pou New York nan moman sa a, n ap ogmante prezans lapolis pou asire Nouyòkè Jwif yo ka rasanble epi obsève sèvis Shabbat san danje".

Sou kanpis SUNY, Chanselye John B. King Jr. te mande komisè lapolis inivèsite a pou l travay ak tout kanpis leta opere wikenn sa a pou asire ke gen plis sekirite pou sèvis Shabbat sou kanpis la. Lapolis inivèsite a pral travay tou ak kominote yo pou asire etidyan ki patisipe nan sèvis andeyò lakou kanpis la ap gen resous sekirite yo bezwen tou. Mesaj konplè Rektè King bay prezidan inivèsite yo disponib [isit la](#).

Pou sèvis Shabbat sou kanpis nan kanpis CUNY yo, yo te garanti pwoteksyon lapolis ki soti nan biwo Depatman Lapolis New York (NYPD) lokal yo, anplis pou ogmante prezans Sekirite Piblik CUNY, pou asire rasanbleman sa yo an sekirite epi pou etidyan yo santi yo pwoteje.

Efò pou pwoteje etidyan ki sou kanpis fakilte yo baze sou efò Gouvènè Hochul fè pou amelyore sekirite piblik atravè New York apre atak Hamas te fè sou pèp Izrayèl la. Nan kòmansman jounen an, Gouvènè Hochul te enfòme Lejislati Eta New York, Konferans

Majistra New York ak Asosyasyon Konte Eta New York sou mezi sekirite yo k ap kontinye, epi yè te fè yon [konferans laprès](#) avèk Majistra Vil New York la, Eric Adams, pou bay detay sou mezi sekirite an plas yo. Gouvènè a te [patisipe nan yon reyinyon enfòmasyon nan Sant Ransèyman Et New York la](#) avèk Lapolis Eta New York epi li te an kontak ak Depatman Deta (Department of State, DOS) Ameriken an pou asire Nouyòkè ki an Izrayèl yo kapab retounen lakay yo san danje.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418